STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

Pou Piblikasyon Imedyat: 8 avril 2013

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE TOUT PAK AK PLAJ LONG ISLAND PWOGRAME POU LOUVRI ANVAN JOUNEN MEMORYAL LA

Anpil Pak ak Plaj Eta a ki nan Long Island te Pran Domaj nan Sipè-Ouragan Sandy

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse tout Pak ak plaj Eta a ki nan Long Island pwograme pou louvri anvan wikenn Jou Memoryal la. Akò Sipè-Ouragan Sandy, anpil pak te pran gwo domaj nan wout yo, nan peyizaj yo ak nan enfrastrikti yo alòske plaj yo te jwenn gwo din ak ewozyon plaj ansanm avèk pèt vejetasyon natirèl ak natifnatal. Anpil pwojè konstwiksyon ak reparasyon pwograme, epi t ap pèmèt pak yo ak plaj yo louvri pou wikenn ferye a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Malgre gwo destwiksyon Sipè-Ouragan Sandy te lakòz, tout Pak ak plaj Eta a ki nan Long Island pral louvri pou Nouyòkè yo ak vizitè yo anvan Wikenn Jou Memoryal la. Pak ak plaj nou yo non sèlman se destinasyon ki popilè pou moun ki nan vakans, men tou yo se faktè ekonomik enpòtan pou kominote nou yo. N ap kontinye travay san pran souf pou asire resous enpòtan sa yo nan kondisyon ki pwoteje ak bon pou vizitè yo jwi pandan sezon lete sa a.”

Plis pase 20 kontra annijans nan faz egzekisyon kounye a toupatou nan Long Island sou teren pak eta a pandan anpil santèn travayè ap repare, re-plante ak repare domaj Sandy kite nan yon efò pou satisfè bezwen piblik la alè pou wikenn Jou Memoryal la, lansman enfòmèl pou sezon lete a.

Manm Komisyon Pak Eta a, Rose Harvey, di konsa, “Pak ak plaj nou yo ki nan Long Island se soulajman pèp la bezwen. Sandy te lakòz anpil destwiksyon, men ekip nou yo ak antreprenè nou yo ap travay san pran souf pou mete ou an fòm pou lanse sezon lete a. Lè ou gen plis moun vizite sèlman youn nan atraksyon nou yo tankou Jones Beach State Park chak ane tankou yo fè nan Grand Canyon, sa ede nou anpil pou idantifye avèk sèlman fason enfrastrikti nou yo enpòtan nan lavi moun yo.”

Nan ane 2012, plis pase 18 milyon moun te vizite Pak ak plaj Eta a nan Long Island. Ane pase, kat pak eta a nan Long Island te klase pami dis premye yo vizite nan tout 179 sistèm Pak Eta New York (#2 Jones Beach State Park, #4 Robert Moses State Park, #6 Sunken Meadow State Park ak #10 Heckscher State Park).

Nan dènye etid Political Economy Research Institute of the University of Massachusetts te fè, yo te

jwenn vizitè Pak Eta a sipòte jiska $1,9 milya dola nan rantabilite ak nan lavant chak ane. Sou $1,9 milya dola a, rejyon Long Island konte pou dezyèm pi gwo total la, sa ki pote li nan plis pase $410 milyon dola chak ane. Apeprè 40% kantite total la reyalize gras ak moun ki sòti deyò kominote a pou vizite yon pak epi pou depanse lajan nan sèvis transpò, lojman, manje an gwo, restoran ak lòt acha.

Egzekitif Konte Nassau, Edward P. Mangano, di konsa, “Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo pou efò li nan fasilite reparasyon ak reyabilitasyon pak nou yo, plaj nou yo ak wout nou yo yon fason pou yo louvri pou biznis anvan wikenn Jou Memoryal la. Ansanm, n ap travay nan moman sa a apre Ouragan Sandy pou rebati Konte Nassau pou sitwayen nou yo, biznis yo ak vizitè yo.”

Egzekitif Konte Suffolk, Steve Bellone, di konsa, “Plaj ak pak Long Island yo enpòtan pou kalite lavi nou ak ekonomi nou. Sa a se yon gwo nouvèl pou anpil dizèn milye djòb ki jwenn sipò ekonomi litoral Long Island ak pou anpil milyon moun k ap vizite plaj ak pak premye klas nou yo.”

Anba la a se yon rapò sou sitiyasyon an pou kèk nan Pak ak plaj Eta a ki pi popilè nan Long Island, ansanm avèk travay k ap fèt oswa ki fèt deja, ak sitiyasyon yo prevwa pou wikenn Jounen Memoryal la.

Bayard Cutting Arboretum State Park
Dènye Sitiyasyon an: Pak la te pran gwo domaj nan pyebwa yo; men l ap fonksyone kounye a san okenn restriksyon. Te gen domaj sou do kay yo nan Annex ki te repare.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Chouk pyebwa ak debri toujou fè pil epi yon antreprenè pyebwa a ap travay nan pak la pandan sezon lete a.

Belmont Lake State Park
Dènye Sitiyasyon an: Reparasyon pyebwa, netwayaj, moulaj chouk bwa ak reparasyon kloti toutolon limit pak la ap fèt pou kounye a. Yo anpil debri ouragan an pou prepare pou antreprenè a fè ranmasaj la.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Travay nan pyebwa yo ak reparasyon kloti a fèt nan moman an.

Bethpage State Park
Dènye Sitiyasyon an: Tout enfrastrikti ki nan Bethpage State Park ki pwograme pou louvri ap louvri. Ranmasaj pyebwa toujou ap fèt, men nòmalman enfrastrikti ki fèmen pou kounye a nan ape pral louvri dapre jan sa pwograme.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Yo pral fini avèk travay sou pyebwa yo.

Brentwood State Park
Dènye Sitiyasyon an: Y ap fè reparasyon kloti a pou kounye a.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Yo pral fè reparasyon kloti a

Caleb Smith State Park Preserve
Dènye Sitiyasyon an: Kat pon an bwa ki gen santye pou mache te domaje, epi yo bezwen ranplase sou bò sid pak la. Yo te netwaye anpil nan santye yo nan espas ki bay aksè pou lapèch. Antreprenè a bezwen fini netwayaj pyebwa yo ak ranmasaj pyebwa ki danjere yo.

Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Ranplasman pon ak netwayaj pyebwa yo ap fèt nan moman an.

Captree State Park

Dènye Sitiyasyon an: Yo t ap fè reparasyon nan Overlook Pier depi nan Ouragan Irene, epi Sandy te lakòz kèk lòt ti domaj. Fòs pak la ap kontinye rebati Pier ki domaje a. Yo te kouvri Main Fishing Pier avèk adwaz pou reparasyon k ap fèt dapre yon kontra ki te kòmanse anvan Sandy te frape pak la. Gen reparasyon sou do bilding nan ki dwe fèt nan yon kontra annijans. Yo te ranmase tout debri ouragan an nan pak la. Yo te ranplase pil ki te nan marina prensipal la. Yo te retire ranp lansman bato Captree nan bè a epi anplwaye pak la te sitou fè reparasyon ladan.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Reparasyon ap fèt nan moman an. Overlook Pier pa fini.

Caumsett State Historic Park Preserve

Dènye Sitiyasyon an: Caumsett te resevwa gwo ewozyon sou 2,5 mil devan plaj la toutolon Sid Long Island ansanm avèk pèt elevasyon ak pwofondè plaj la. Anpil santèn yad kib debri te tonbe toutolon litoral la ak nan Salt Marsh. Antreprenè yo ap retire debri yo nan moman an sou plaj la anvan sezon Piping Plover. Wout an planch ki sòti nan estasyònman Fisherman pou rive nan Lloyd Point domaje pou apeprè 0,2 mil akòz ewozyon ki fèt depi nan LI Sound pou rive nan Salt Marsh. Plis pase 285 pyebwa te domaje oswa detwi toutolon wout pak la ak chemen ki netwaye kounye a nan baz la. De koupòl te tonbe nan Bilding istorik Bottling nan Dairy Complex epi yo te ranplase yo. Yon pyebwa te domaje fasad Polo Pony Barn epi yo te repare li.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Ranmasaj debri ap fèt epi y ap retire pyebwa ki domaje yo. Reparasyon ap fèt nan Wout an Planch lan.

Connetquot River State Park Preserve

Dènye Sitiyasyon an: Connetquot te pran ti domaj nan fondasyon li. Sèl domaj li te pran se te nan pòt ki gen griy la nan Bilding Administrasyon an ak nan atik sa yo nan Main House: yon chemine te kraze (li toujou bezwen repare), brik te kraze youn nan koupòl yo (yo te repare li), lòt domaj sou do bilding nan (pwograme pou ranplase). Pa t gen gwo domaj ki te fèt. Gen netwayaj pyebwa ak debri ki nesesè.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Netwayaj ap fèt nan moman an.

Gilgo and Tobay Beaches

Dènye Sitiyasyon an: Toulède plaj yo te pran gwo ewozyon din epi yo te pèdi vejetasyon natirèl yo. Travayè yo ap rebati din yo epi y ap re-plante plis pase yon milyon plant Zèb Plaj Ameriken (vejetasyon natifnatal).
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI

Heckscher State Park

Dènye Sitiyasyon an: Te gen gwo ewozyon nan West Beach. Yo te bay kontra pou replen plaj la avèk 3.000 yad kib sab. Te gen gwo ewozyon nan Chan 7 ak gwo domaj sou chemen bisiklèt la ak nan estasyònman an. Yon konsiltan gen responsablite pou re-modle estasyònman an pou retrete litoral la. Yo kapab adapte espò nan dlo nan plaj natasyon yo jouk sezon natasyon an kòmanse. Onn twopikal te

domaje transfòmatè ak fizib yo nan Overlook Beach. Yo te jwenn yon antreprenè pou fè travay reparasyon yo.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: West Beach ap LOUVRI nèt. Chemen bisiklèt nan Chan 7 la ap deplase pou yon ti tan, epi aksè pou espò nan dlo ap vin disponib. Re-modèl espas la ak chanjman yo ap fèt nan moman an.

Hempstead Lake State Park
Dènye Sitiyasyon an: Pak la te pèdi apeprè 400 pyebwa. Chan #1 estasyònman te re-louvri.
Youn nan bilding yo te pran ti domaj, men yo te repare li yon ti tan apre ouragan an.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Travay nan pyebwa yo ap fèt, epi yo te repare bilding nan.

Jones Beach State Park
Dènye Sitiyasyon an: Jones Beach State Park te pran gwo domaj akòz Sandy. Onn twopikal la ki te asosye avèk lamare wo te lakòz gwo eleman pak la anba dlo lanmè a. Chemen an planch selèb la te pran gwo domaj lè lamare wo a te lakòz pil yo deplase, leve chemen an planch lan nan anpil seksyon ki lakòz sifas chemen an planch lan fè koub. Yo te re-fikse pil yo avèk lòt pil ki enstale nan Central Mall, epi y ap repare pon an. Anpil nan vout elektrik yo te anba dlo, epi travay ap fèt pou ranplase ak monte pano sa yo pou evite domaj nan ouragan pidevan yo. Yo te repare kouran an nan West End, West Bathhouse, ak nan Jones Beach Theater. Yon gwo pati nan travay Gichè fini, epi State Parks ap bay yon Sètifika Okipasyon pou estrikti sa a. Yo prevwa lòt rès zòn yo ap retounen sou liy lan nan yon ti tan lè antreprenè yo ap kontinye fè reparasyon yo. Jones Beach Theater te anba dlo nan omwen kat pye dlo, sa ki te domaje chemen an planch VIP yo ak zòn ki gen tant yo, espas pou òkès la, tout sistèm elektrik la pou enfrastrikti a. Tout ekipman ak materyèl ki asosye avèk konsesyon an, biwo ak gichè yo te detwi. Enstitisyon ki gen lisans lan ap ranplase ak repare enfrastrikti a kounye a pou asire espas la pare pou sezon konsè 2013 la. Apontman Chan 10 la ak basen bato a te pran gwo domaj menm jan ak Bait Station konsesyon a opere a. Yo te ranmase anpil tòn debri nan pak la. Bilding siveyan beyad yo ak pòt-parapli yo te detwi. Antreprenè yo te kòmanse travay la sou estann siveyan beyad yo nan Central Mall ak nan Chan 2. Antreprenè a pral deplwaye plis anplwaye pou fini tout konstwiksyon yo. Ale an brik, ale an beton ak bò lès estasyònman Chan 6 la te pran gwo domaj. Yo te jwenn yon kontra epi travay reparasyon an kòmanse. Pak la (chan 2, 6, 10 ak West End 2) louvri kounye a pou piblik la. Zòn ki ant West Bathhouse ak East Bathhouse fèmen sitou akòz domaj nan chemen an planch lan ak rekonstwiksyon an.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Chemen an planch Jones Beach ap kapab itilize. Ap gen zòn k ap gen chemen pou yon ti tan jouk lè materyèl yo antre. State Parks te nan faz final pou ranplase pon chemen an planch lan sou bò lwès pak la nan Chan 1 ak 2 anvan ouragan an. Kontra ap fèt pandan tout sezon an. Y ap ranplase ekipman elektrik pou vout elektrik yo. Yo prevwa travay sa a ap fini anvan wikenn Jou Memoryal la; men, si vout yo pa fini, y ap opere avèk kouran dèlko.
Reparasyon nan apontman Chan #10 ak nan Basen Bato a ap fèt nan moman an. Bilding siveyan beyad yo ak pòt-parapli yo ap anba konstwiksyon avèk yon pati k ap fini anvan wikenn Jou Memoryal la. Y ap fikse trelè pou yon ti ta nan zòn nouvo konstwiksyon yo poko fini.

Orient Beach State Park

Dènye Sitiyasyon an: Orient Beach State Park toujou fèmen apre Ouragan Sandy. Park Entrance Drive ki gen yon distans ak litoral Gardiners Bay te pran gwo ewozyon, epi kat seksyon wout ki asfalte (apeprè 2120 pye) te domaje. Sèvis piblik ki anba tè yo toutolon ale santral la te ekspoze. Tout bilding ki nan pak la te inonde. Onn twopikal la te inonde kabàn siveyan beyad yo ak tab piknik yo nan devan plaj la. Apeprè 31 pyebwa toutolon ale santral la ak zòn piknik nan te domaje ak/oswa detwi akòz onn twopikal la ak inondasyon yo. Depatman Transpò repare apeprè 2120 pye, epi yo te netwaye kat seksyon wout asfalt ki te domaje, anivo, ak pare pou asfalte (si gen bon tan). DOT prevwa asfaltaj la nan pwochen dezoutwa semèn lè tan an ap vin cho.

Tout sèvis piblik yo te re-antre anba tè toutolon akotman ale prensipal la; liy telefòn yo te repare. Sant Tretman Dlo a te repare ak fonksyone, yo enstale kloratè anwo zòn inondasyon an. Yo enstale de gwo pant "ki gen wòch" toutolon de seksyon wout ki domaje nan ewozyon pou pwoteje nouvo wout la. Yo itilize apeprè 4.500 yad sab/gravye pou repare yon bèm 880 pous pou pwoteje konplèks bilding nan. Miray Barn antretyen an te ranplase, yo ranplase ak monte priz-kouran yo, epi yo te repare brilè yo.

Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Reparasyon ap fèt nan moman an.

Nissequogue River State Park

Dènye Sitiyasyon an: Greenhouse te gen 30 kaswòl vit ki kraze sou 2 vèryè zèl yo. Plis pase 100 pyebwa te pèdi nan swa derasinman oswa nan chouk ki kase. Nan zòn marina yo, gwo lamare wo te inonde bilding litoral la. Kloti an may metalik ak poto ak chemen te detwi nan pyebwa ak branch ki tonbe yo. Plizyè pano te kase oswa domaje toupatou nan pak la. Pak la te re-louvri pou piblik la nan yon semèn edmi apre ouragan an. Litoral ki toutolon Nissequogue River te pran ti ewozyon.

Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Reparasyon ap fèt nan moman an.

Planting Fields State Historic Park

Dènye Sitiyasyon an: Pifò zòn plantasyon pyebwa yo louvri pou piblik la. Anplwaye pak la te retire tout pi piti pyebwa yo. Ranmasaj pi gwo pyebwa yo, taye ak netwaye plis pase 100 pyebwa ki rete ap fèt nan moman an. Yo prevwa travay la pral fini anvan fen mwa avril la.

Y ap repare domaj nan Camellia Greenhouse pou sezon prentan sa a. Yo te enstale yon twati pwovizwa pou asire pwoteksyon koleksyon gaz efè tèmik yo. Revizyon Biwo Konsèvasyon Istorik Eta a (SHPO) te fini; antreprenè a ap fè nouvo manm fondasyon an kounye a.

Yo te repare domaj nan yon liy elektrik anlè ki la pou yon ti tan. Yo te netwaye ranplasman abri enfòmasyonèl ki te detwi a.

Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Yo pral repare seksyon domaje Camellia Greenhouse. Yon ti kantite chemen Greenhouse pral louvri.

Robert Moses State Park

Dènye Sitiyasyon an: Robert Moses State Park te pran gwo domaj. Bò sid sèk sikilasyon pak la te tonbe nan Oseyan Atlantik, sa ki te fèmen pak la depi mwa oktòb. Y ap fè reparasyon wout la pou kounye a. Chemen planch Chan #5 lan te pran gwo domaj. Yon kontra pou ranmasaj ak reparasyon eleman yo ap fèt kounye a. Yon brèch sistèm dlo ki nan pak la te repare toutolon bò nò pak la. Depatman Pwoteksyon Anviwònman (DEC) Eta a te apwouve plasman materyèl pyè pou pwoteje enfrastrikti sa a ak lòt enfrastrikti ki nan bò bè Robert Moses. Reparasyon nan kloti ki toupatou nan pak la te fèt. Yo te

ranmase pifò debri ki te tonbe nan pak la, epi anplwaye yo kontinye chaje gwo poubèl yo epi yo fè yo charye materyèl yo nan pak la. Reparasyon final nan teren gòlf inonde a ap kòmanse lè gwo sezon an kòmanse. Yo pa prevwa reta nan teren gòlf la ta dwe reyalize lè pak la louvri nan fen mwa me. Ouragan an te pote ale anpil santèn milye yad kib. Yo te bay de kontra pou replen sab nan Chan $4 ak #5, chan ki nan dènye pwent lès pak la. Yo prevwa yo pral mete plis pase 500.000 yad kib sab sou plaj sa yo. Yo te drage plis pase 300.000 yad kib sab sa a nan Captree State Boat Channel, epi rès 200.000 yad kib nan yon rezèv sab sou pwent lwès pak la. Y ap bezwen ranplase twa kabàn siveyan beyad ak lòt ekipman siveyan beyad anvan wikenn Jou Memoryal la.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: Tout chan estasyònman yo ap LOUVRI. Kapasite estasyònman an ka redui selon kantite espas ki disponib pou moun k ap vin nan plaj yo. Y ap pran yon desizyon sou aksè nan devan plaj la ak operasyon natasyon anvan wikenn Jou Memoryal la apre yon evalyasyon pwogram replen sab la. Yo prevwa dragaj la ap toujou fèt jouk nan fen mwa jen. Pou kounye a, yon lòt re-evalyasyon ap fèt pou detèmine kapasite operasyon yo.

Governor Alfred E.Smith/Sunken Meadow State Park
Dènye Sitiyasyon an: Yo te fè yon brèch nan ranblè ki nan Chan #3. Yon konsiltan te fè modèl yon pon ak estabilizasyon litoral la. Yo te bay pèmi an, epi State Parks ap travay avèk DEC pou jwenn pèmi yo. Pak la te gen ant 400 ak 500 pyebwa swa ki te derasinen oswa domaje. Netwayaj ap fèt kounye a. Te gen domaj nan kloti may metalik yo, kloti ki plen an bwa ak kloti palisad toupatou nan pak la. Nan lwès plaj la, gen ewozyon toutolon falèz yo; men, yon pati nan devan plaj la ogmante akòz ouragan an.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – sof pou aksè nan pati lès pak la ranblè ki te gen brèch la yo te bay.

Valley Stream State Park
Dènye Sitiyasyon an: Antreprenè pyebwa a te fini tout travay nan pyebwa yo, sof ranmasaj debri nan estasyònman an. Chemen yo louvri kounye a. Sou bò Hendrickson Ave pak la, gen bout bwa pou yo ranmase ak plis chouk bwa pou moulen.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Toujou gen debri pyebwa ak pyebwa ki derasinen nan zòn pak la.

Wildwood State Park
Dènye Sitiyasyon an: Wildwood State Park te pran gwo domaj nan pyebwa yo. Toujou gen domaj nan pyebwa y ap travay nan espas kan an. Te gen ewozyon nan devan plaj la. Plaj la toujou fèmen akòz ouragan an. Wout ki mennen nan plaj la te inonde, epi gen domaj nan bilding beny piblik la. Yo te bay yon kontra pou travay sa a. Pou kounye a, pak la re-louvri prèske tout chemen ak zòn piknik li yo. Espas kan an te louvri epi yo te ranmase pifò pyebwa danjere yo. Netwayaj branch ak pil bwa ak ranmasaj yon gwo kantite chouk bwa ap fèt.
Sitiyasyon nan Wikenn Jou Memoryal la: LOUVRI – Reparasyon ap fèt nan moman an.

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418